

# KAJIAN SEMANTIK GRAMATIKAL CAKEPAN SINDHENAN WONTEN ING PAGELARAN RINGGIT WACUCAL LAMPAH PANDHAWA BANGUN KARANGKADHEMPEL

## ANALYSIS OF SEMANTIC GRAMMATICAL FROM THE LYRICS OF SINDHENAN PUPPET SHOW "PANDHAWA BANGUN KARANGKADHEMPEL"

Dening : Rika Sulistyorini, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta

### Sarining Panaliten

Panaliten menika ngandharaken *struktur gramatikal* saha makna *gramatikal* ingkang wonten ing salebetipun gatra cakepan sindhenan pagelaran ringgit wacucal lampah Pandhawa bangun Karangkadhempel. Perkawis ingkang bahde dipunandharaken inggih menika (1) *Struktur gramatikal* cakepan sindhenan saha (2) makna *gramatikal* saking cakepan sindhenan pagelaran ringgit wacucal sedalu natas kanthi lampah Pandhawa bangun Karnagkadhempel. Panaliten menika nginakaken cara panaliten *kualitatif deskriptif*. Data wonten ing panaliten menika awujud gatra cakepan sindhenan gendhing pangiring pasugatan ringgit wacucal. Sumber data panaliten menika saking *video dvd* ingkang pagelaran ringgit wacucal kanthi lampah Pandhawa bangun Karangkadhempel ingkang dipunbabar dening dhalang Ki Seno Nugroho wonten ing dhusun Mulo, Kecamatan Wonosari, Gunungkidul, Yogyakarta. Data panaliten menika dipunkempalaken kanthi cara mirengaken makaping — kaping *videonipun* salajengipun cakepan ingkang dipunswantenaken sindhen menika dipuntranskrip wonten ing kartu data. Data dipunanalisis kanthi cara deskriptif ginakaken *teknik analisa frasa* kangge manggihaken *struktur gramatikal* saha makna *gramatikal* ingkang wonten ing salebetipun cakepan. Cara ngesahaken data mawi *validitas* saha *reliabilitas* ingkang awujud *validitas proses*, kasil, saha *dialogis*. Wujudipun *struktur gramatikal* ingkang wonten ing salebetipun pagelaran ringgit wacucal menika kapanggihaken wonten 35 cacahipun, saking cacah 33 gatra awujud wangsalan, saha 2 ingkang awujud parikan. Makna *gramatikal* ingkang sampun dipunanalisis ginakaken *teknik lesap* menika salajengipun saged dhudhah kados pundi *fungsi gramatikal* ingkang wonten ing salebetipun gatra — gatra cakepan sindhenan menika. Saking panaliten menika saged dipunpendhet dudutan bilih *struktur gramatikal* ingkang wonten ing salebetipun cakepan sindhenan menika boten saged dipunewahi menapa dene dipunwucal, awit menika saged ngewahi makna ingkang kaandhut wonten ing salebetipun cakepan sindhenan. *Struktur gramatikal* ingkang mujudaken satunggaling gatra menika gadhah *fungsinipun* piyampak — piyambak ingkang samangke badhe nuwuhaken makna ingkang dipunkajengaken dening pesindhen dipunjumbuhaken kaliyan iringan awujud gendhing — gendhing karawitan pangiring pasugatan ringgit wacucal.

Pamijining tembung : cakepan sindhen, sindhenan, semantik gramatikal

### Abstract

This research is to describe gramatical structure and gramatical meaning in lyrics of sindhenan puppet show "Pandhawa bangun karangkadhempel". Problem that will be describe are (1) gramatical structure in "sindhenan" lyric and (2) gramatical meaning of sindhenan "lyric" of puppet show "Pandhawa bangun Karangkadhempel". This research use kualitative derkriptive research. Data of this reasearh are from "sindhenan" lyric from "Gendhing" puppet show. Data source are from video dvd in puppet show "Pandhawa bangun karangkadhempel" that be shown by Ki Seno Nugroho in Mulo Village, Wonosari distric, Gunungkidul, Yogyakarta. Data been collected by hear many times the video and then sindhenan "lyric" been transcript in Data Card. Anylize data using salyze phrase technique to find gramatical structure and gramatical meaning in lyrics. Validate data are using validate and realibility from validity proses, result, and dialogues. Shape of gramatical structure in "sindhenan" lyric puppet show are found 35 shapes, 33 are shaped wangsalan, 2 are shaped parikan. Gramatical meaning that have been analyse with "lesap" thechnique can be use for deacribe how gramatical function in sindhenan lyrics . From this research can be inference that from gramatical structure in sindhenan lyric can not be change ore delete, because it can change maeaning of sindhenan lyric. The grammatical structure in the form of gatra has its own function which will nurture the desired meaning by the sinden which is adjusted by the musical accompaniment of puppet performance.

## PURWAKA

Basa inggih menika satunggaling piranti ingkang dipunginakaken manungsa kangge sesrawungan wonten ing gesang ingkang dipunwastani *proses komunikasi*. Sesrawungan wonten ing gesang menika wujudipun wonten kathah, wonten ingkang mawi tulisan saha lisan. Ingkang mawi tulisan menika kados seratan wonten ing buku, kalawarti, cariyos, saha geguritan. Dene ingkang mawi lisan kados dene wonten ing pasrawungan ingkang awujud pacelathon, wawan pangandikan, sesorah, langgam utawi lagu ingkang kalebet wonten ing seni *vokal*.

Seni *vokal* menika sagaed dipunwastani *proses komunikasi* utawi *interaksi* amargi awujud basa ingkang dipunlisanaken mawi *nada* utawi *intonasi* ingkang endah. Tuladhanipun wonten ing pasugatan ringgit wacucal, ingkang wonten ing salebetipun pasugatan menika nedahaken mapinten – pinten seni vokal kados dene suluk, janturan, macapat, langgam, ada – ada, saha sindhenan.

Basa sindhenan wujudipun inggih menika cakepan – cakepen utawi *lirik* ingkang dipunrakit kanthi endah salajengipun dipunwedhar mawi *nada* utawi *notasi* jumbuh kaliyan wirama saha larasipun gamelan. Kejawi menika wonten ing salebetipun cakepan menika tamtunipun ngandhut perangan *linguistik* ingkang damel wosipun cakepan menika saged dipuntampi dening pamiyarsa saha pamirengipun. Saged menapa botenipun wos menika dipuntampi dening pamirengipun tamtu wonten gayutanipun kaliyan perangan ingkang awujud *struktur* basa saha

makna ingkang kaandhut wonten ing salebetipun cakepan.

Wonten ing salebetipun basa menika ngandhut perangan – perangan *linguistik* ingkang wigati dipunteliti, kados dene makna. Makna wonten ing salebetipun basa jawi menika kathah peranganipun tuladhanipun makna *gramatikal* ingkang kaandhut wonten ing salebetipun *kontruksi* ukara. Kados pundi makna menika saged tuwuh adhedhasar *proses gramatikal*, wujudipun *gramatikal* ingkang wonten ing salebetipun cakepan, kados pundi *gramatikal* menika dadosaken makna ingkang saged dipuntampi dening panampinipun dadosaken panaliti nglampahi panaliten menika.

Adhedhasar prekawis – prekawis menika pramila panaliten bab Kajian Semantik Gramatikal Cakepan Sindhenan Wonten ing Pagelaran Ringgit Wacucal Lampah Pandhawa Bangun Karangadhempel menika dipunlampahi.

Miturut Sarwiji (2001 : 68), makna gramatikal (*grammatical meaning, functional meaning, structural meaning*) inggih menika makna ingkang kadadosan saking *fungsi* satunggaling leksem wonten ing satunggaling ukara, makna *gramatikal* minangka kasil saking *proses gramatikal*. Saking andaharan menika saged dipunmangertos bilih makna *gramatikal* menika minangka makna kasil saking *proses gramatikal* wonten ing satunggaling ukara.

Miturut Chaer (2012 : 290), makna *gramatikal* inggih menika makna ingkang wonten ing satunggaling leksem utawi tembung ingkang angsal *proses gramatikal*. Saking pamanggih menika saged dipunmangertos bilih makna *gramatikal* menika minangka satunggaling proses

wonten ing unsur basa ingkang nuwuhaken makna ingkang jumbuh kaliyan *konteksipun* saking ancasing pangandikan.

Adhedhasar pangretosan ingkang sampun kababar wonten ing nginggil menika salajengipun kapanggihaken titikanipun *semantik gramatikal* miturut Robins R.H, inggih menika wontenipun *proses gramatikal* ing salebetipun ukara utawi *konstruksi* basa, ing antawisipun inggih menika :

1. Wontenipun *Sistem Kelas* utawi Jinising Tembung
2. Wonten Urutaning Tembung
3. wontenipun *Intonasi*
4. Wonten Gayutipun Antawis Tembung ing Satunggaling Ukara
5. *Morfem* Minangka Perangan ingkang Langkung Alit

Kangge mangertos satunggaling ukara menika saged dipunwastani *gramatikal* pramila kedah dipunuji kanthi ewah – ewahanipun makna. Ewah – ewahanipun makna menika saged tuwuh awit wontenipun mapinten – pinten prekawis, inggih menika :

1. Pangrembakanipun Basa
2. Makna ingkang *samar*
3. Ical *Motivasinipun*
4. Wontenipun *Polisemi*
5. Wontenipun *Konteks* ingkang *Ambigu*
6. *Struktur Kosa Kata*

Wonten ing panaliten menika *obyek* panalitenipun inggih menika cakepan sindhenan. Sindhen inggih menika salah satunggaling tiyang ingkang dados paraga minangka vokal wonten ing pasugatan karawitan ingkang kathahipun menika paraga wanita. Sindhen wonten ing pangretosan pesindhen inggih menika minangka

vokal tunggal ingkang wonten ing karawitan ugi wonten ing pagelaran ringgit wacucal, saha saged dipunwastani swarawati utawi sindhen (Sudarsono, 1978 : 147)

Miturut Supriyono, dkk (2008 : 129) sindhenan menika saking tembung sindhen ingkang dipunjumbuhaken kaliyan ukara wonten ing padintenan inggih menika sesendhonan ingkang tegesipun pitutur. sindhen sesendhonan wonten ing Basa Jawi ngemu teges inggih menika tetembangan. kanthi mekaten sindhen menika saged ngemu teges inggih menika tetembangan. Saking andharan menika sindhen ateges tetembangan awujud sastra Jawi, ing antawisipun parikan saha wangsalan ingkang ancasing akngge paring pitutur, kawruh, saha sindiran dhateng gesanging manungsa.

Saking pangretosan menika saged dipunpendhet dudutan bilih sindhen inggih menika vokal tunggal ingkang dipunlagokaken sesarengan kaliyan gendhing, tuladhanipun wonten ing pasugatan karawitan saha pagelaran ringgit wacucal. Menapa ingkang dipunlagokaken menika gumantung cakepan ingkang dipunlagokaken dening gerongipun. Wosing cakepan ingkang dipunlagokaken menika gadhah ancas kangge pepeling tumrap gesanging manungsa wonten ing alam donya menika.

Miturut Supriyono dkk, (2008 : 126) cakepan inggih menika tembung – tembung ingkang dipunpilih ingkang salajengipun dipundadosaken satunggaling ukara ingkang endah, salajengipun dipunginakaken wonten ing salebetipun gerong, senggakan, suluk, jineman, saha sindhenan. Saking pangretosan menika saged dipunpendhet dudutan bilih cakepan menika wujudipun inggih

menika tembung – tembung ingkang dipundamel dados satunggaling ukara, wujudipun cakepan menika tuladhanipun purwakanthi guru swanten, suru sastra saha lumaksita.

Miturut Budiarti (2013 : 152), cakepan sindhen inggih menika materi vokal ingkang ngemu garap racikan, ing salebetipun menika ngandhut perangan- perangan ingkang kedah dipungulawenthah saha dipunterjemahaken basa musikal. Perangan – perangan menika inggih menika teks saha lagonipun.

Saking pangertosan menika saged dipunpendhet dudutan bilih cakepan sindhen inggih menika satunggaling ukara ingkang sipatipun pitakekan ingkang kedah dipunpadosi wangsulanipun kanthi gayutaken tembung – tembung wonten ukara menika piyambak. Cakepan sindhen menika dipunperang dados 2 inggih menika sindhenan umum saha sindhenan khusus. Awit cakepan menika awujud teks mila satunggaling perangan ingkang wigati dipungatosaken inggih menika teks utawi cakepanipun, saha irama, lara, cengkok, saha pathetipun.

## **CARA PANALITEN**

### **Jinising Panaliten**

Jinising panaliten wonten ing Kajian Semantik Gramatikal Cakepan Sindhenan Wonten ing Pagelaran Ringgit Wacucal Lampah Pandhawa Bangun Karangadhempel kalebet wonten ing panaliten *deskriptif*. Dipunwastani murni amargi panaliten menika minangka panaliten ingkang ancasiipun paring sumbangan tumrap ngrembakanipun ngelmu basa (Suandi, 2008 : 11-12).

### **Data saha Sumber Data**

Wonten ing panaliten menika *data* ingkang badhe dipunginakaken inggih menika awujud cakepan sindhenan ingkang wonten ing satunggaling pasugatan ringgit wacucal lampah Pandhawa Bangun Karangadhempel, ingkang dipunbabar dening dhalang Ki Seno Nugroho wonten ing Dhusun Mulo, Kecamatan Wonosari, Kabupaten Gunungkidul, Daerah Istimewa Yogyakarta. Dene sumber *data*-nipun menika saking *DVD Player* ingkang dipundadosaken *softfile* kajenge saged dipuntingali mawi *netbook*.

### **Cara Ngempalaken Data**

Wonten ing panaliten bab Kajian Semantik Gramatikal Cakepan Sindhenan Wonten Ing Pagelaran Ringgit Wacucal Lampah Pandhawa Bangun Karangadhempel menika anggenipun ngempalaken *data* kanthi cara mirengaken makaping – kaping *videonipun* supados *data* ingkang dipunkajengaken langkung cetha, cakepan sindhenan ingkang sampun wonten salajengipun dipunserat utawi dipuncathet wonten ing *kartu data*.

### **Piranti Panaliten**

Panaliten menika ngginaakaken kertu data minangka pirantining panaliten. Kertu data ingkang kaginakaken menika ngemu perkawis ingkang gampilaken panaliti anggenipun nganalisis. Kertu data menika gadhah *fungsi* kangge nyerat *data* ingkang badhe dipuntliti wonten ing panaliten menika. Kertu *data* menika gadhah ancas kangge nyerat *data* panaliten babagan *struktur gramatikal* saha makna adhedhasar *struktur gramatikal* ingkang wonten ing salebetipun cakepan sindhenan pagelaran

ringgit wacucal lampah Pandhawa bangun Karangadhempel.

### **Cara Nganalisis Data**

Wonten ing analisis *deskriptif* menika mawi metode analisis *linguistik struktural* kanthi cara agih. Wonten ing panaliten menika ginakaken teknik utawi cara nganalisis inggih menika *teknik lesap*. Teknik lesap inggih menika teknik ingkang dipuntindakaken kanthi nglesepaken (ngicalaken, mucal, saha ngirangi) perangan tartemtu satunggaling *lingual* ingkang gayut. Menawi maknanipun menika saged dipuntampi tegesipun menika *gramatikal*, menawi kasilipun boten gramatikal tegesipun perangan menika gadhah peran inti wonten ing perangan menika (Suandi, 2008 : 77).

Saking teori menika data-data ingkang sampun dipunkempalaken dipunanalisis ginakaken teknik lesap kangge nemtokaken makna wonten ing salebetipun cakepan sindhenan ingkang awujud gatra – gatra. Analisis struktural inggih menika teknik analisis ingkang madosi makna minangka kasiling gegayutan wonten ing salebetipun unsur – unsur basa tumrap basa sanesipun wonten ing wujud ingkang langkung ageng, analisis menika langkung mligi ngrembag bab struktur saben gatranyipun wonten ing salebetipun cakepan sindhenan.

Anggenipun nganalisis data ingkang sampun dipunkempalaken inggih menika awujud pada - pada saking cakepan ingkang dipunsindhenaken salajengipun dipunperang dados gatra - gatra, salajengipun dipunpadosi maknanipun ginakaken *analisis struktural* kangge nemtokaken makna ingkang salajengipun dipunpadosi maknanipun

ginakaken kamus saha struktur ingkang katitik wonten ing salebetipun gatra menika.

Dados *teknik analisis data* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika saged kapanggihaken wonten mapinten – pinten cara, inggih menika *analisis inversi*, *word order*, saha *elipsis* utawi *teknik lesap* ingkang wujudipun ngicalaken, ngirangi, saha ngembali *unsur gramatikal* wonten ing salebetipun gatra. Saking cara – cara menika salajengipun badhe ngewahi makna ingkang kaandhut wonten ing salebetipun gatra ingkang nedahaken bilih gatra menika *gramatikal*.

### **Validitas saha Reliabilitas Data**

*Validitas proses* menika dipuntindakaken kangge mangertos kados pundi anggenipun *proses* wonten ing salebetipun panaliten bab Kajian Semantik Gramatikal Cakepan Sindhenan Wonten Ing Pagelaran Ringgit Wacucal Lampah Pandhawa Bangun Karangadhempel menika. *Validitas* menika dipuntindakaken adhedhasar rancangan ingkang dipundamel panaliti.

Wonten ing panaliten menika *validitas proses*ipun awujud rancangan saking pados data awujud *video* pagelaran ringgit wacucal sedalu natas saking *DVD* ingkang dipundadosaken *soft file* supados saged dipunpriksani wonten ing *netbook* utawi *laptop*. Salajengipun proses panaliten kajumbuhaken kaliyan pandom – pandoming nyerat Tugas Akhir Skripsi (TAS) ngengingi panyeratan saha alur panyeratanipun.

*Validitas kasil* menika dipuntindakaken supados saged mangertos kasil saking panaliten bab Kajian Semantik Gramatikal Cakepan Sindhenan Wonten Ing Pagelaran Ringgit Wacucal Lampah Pandhawa Bangun

Karangadhempel awujud kasiling analisis makna gramatikal wonten ing salebetipun cakepan sindhen ingkang dipunamati saha dipunanalisis menika. Wonten ing proses menika data dipunanalisis mawi tabel analisis ingkang salajengipun dipunbabar ginakaken teori ingkang jumbuh.

*Validitas dialogis* menika dipuntindakaken nalika wonten pepalang anggenipun nindakaken panaliten mliginipun bab leres menapa botenipun cakepan ingkang dipunmirengaken, salajengipun dipunbiyantu kaliyan nara sumber saha buku panduan cakepan sindhenan, pramila ing samangkih angsal *solusi* supados panaliten menika lagkung leres saha pener.

**ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

**Asiling Panaliten**


Panaliten babagan kajian semantik gramatikal cakepan sindhenan wonten pagelaran ringgit wacucal lampah pandhawa bangun karangadhempel menika ngrembag bab *struktur gramatikal* ingkang kaandhut wonten ing salebetipun cakepan sindhenan ingkang awujud gatra – gatra saha kados pundi makna *semantik*ipun ingkang dipunkasilaken saking *proses gramatikal* menika. Sasampunipun panaliten menika dipunlampahi salajengipun manggihken asiling panaliten inggih menika saking satunggalipun pagelaran ringgit wacucal sedalu natas menika saged kapanggihaken 35 gangsal gatra cakepan sindhenan ingkang kaperang dados cacah 33 gatra wangsalan saha 2 gatra parikan.

**Pirembagan**

a. *Struktur Gramatikal* Cakepan Sindhenan

Wonten ing panaliten menika *struktur* minangka peranan wigati ingkang dipunginakaken kangge nemtokaken makna wonten ing salebetipun gatra cakepan sindhenan. Ing bab menika badhe dipunrembag kados pundi peranan *struktur gramatikal* ingkang saged dipunpanggihaken wonten ing salebetipun cakepan.

01. *Jarwa purwa tunggal basane baskara*



Jarwa purwa tunggal basanebaskara

**Gambar 2 :Bagan analisis 1**

Saking gatra wonten ing nginggil menika dipunpantha mawi *analisis frasa* kados wonten ing gambar menika. Wonten ing gatra menika kapanggihaken *struktur gramatikal* ingkang kaperang dados *frasa* Inti – Atributif, saha urutanipun tembung, inggih menika (1)Jarwa;(2)purwa;(3)tunggal;(4)basane;(5)baskara;. Saking gatra angka sepisan, *struktur* menika gadhah *fungsi* wonten ing salebetipun ukara, inggih menika tembung “jarwa” minangka “*adverb*” utawi tembung katrangan saking wosipun gatra, tembung “purwa” minangka *nomina I* utawi tembung aran minangka wosipun gatra, saha tembung menika minangka “jejeripun” saking gatra menika, tembung “tunggal” menika minangka *numeralia* utawi tembung wilangan, tembung “basa” angsal *afiks*

inggih menika panambang “-ne” minangka *adjektif* utawi tembung katrangan, saha tembung “baskara” menika minangka *nomina* 2 utawi tembung aran.

#### b. Makna Gramatikal Cakepan Sindhenan

Saking panaliten kanthi irah – irahan kajian *semantik gramatikal* wonten ing salebetipun cakepan sindhenan pagelaran ringgit wacucal lampah pandhawa bangun karangkadhempel, sampun kapanggihaken *data* ingkang awujud gatra – gatra saking cakepan sindhenanipun, ugi sampun kababar bab *struktur gramatikal*ipun wonten ing pirembagan saderengipun. Saking *struktur* ingkang sampun dipunpanggihaken menika salajengipun nuwuhaken makna wonten ing salebetipun ukara. Kangge mangertos makna *gramatikal* wonten ing salebetipun ukara, wonten ing panaliten ginakaken *teknik analisis* awujud ewah – ewahanipun makna inggih menika *teknik lesap* ingkang kasilipun saged dipunandharaken wonten ing bab menika.

##### 01. Jarwa purwa tunggal basane baskara

1	2	3	4	5
---	---	---	---	---

Saking gatra menika ingkang adhedhasar urutan tembungipun inggih menika (1,2,3,4,5) saged dipunpanggihaken maknanipun inggih menika “Tegesipun pambuka wonten ing gendhing menika dipungambaraken kados srengenge ingkang miwiti gesang wonten ing alam donya”. Menawi wonten urutanipun gatra menika dipunewahi *struktur*ipun dados (5,2,3,4,1) inggih menika “baskara purwa tunggal basane jarwa” maknanipun dados “srengenge ing pambuka menika minangka dasanamanipun teges”. Kangge mangertos *gramatikal*ipun

wonten ing salebetipun gatra cakepan sindhenan menika salajengipun dipun*uji* mawi prekawis – prekawis wonten ing ngandhap menika.

Prekawis kaping kalih menawi dipunewahi *struktur*ipun dados (1,2,4,3,5) wujudipun gatra dados “jarwa purwa basane tunggal baskara” maknanipun dados “tegesipun pambuka menika basanipun namung setunggal inggih menika baskara”, makna menika boten saged dipuntampi awit tembung “purwa” menika sanesipun basa tunggal saking “baskara”.

Prekawis salajengipun saking gatra menika menawi salah satunggalipun gatra menika dipunwucal utawi dipun*lesap*aken kados (2,3,4,5) wujudipun dados “purwa tunggal basane baskara”, makna ingkang kaandhut dados “pambuka menika dasanamanipun srengenge”, gatra menika boten saged dipuntampi awit tembung “purwa” menika gadhah makna “pambuka”, dene tembung “baskara” menika gadhah makna “surya utawi srengenge”.

Prekawis salajengipun inggih menika menawi saking gatra menika dipunwucal salah satunggaling *unsur* dados (1,3,4,5), wujudipun gatra inggih menika “jarwa tunggal basane baskara”. Gatra menika maknanipun dados “teges saking dasanamanipun srengenge”, makna menika boten saged dipuntampi awit tembung “jarwa” ingkang tegesipun “arti, teges, saha makna” menika boten wonten gayutanipun menapa malih dasanamanipun baskara ingkang tegesipun “surya utawi srengenge”.

Saking andharan menika *struktur gramatikal* saking gatra “jarwa purwa tunggal basane baskara” menika boten saged dipunewahi papanipun saha boten saged dipunwucal salah

satunggaling saking *struktur*ipun, amargi menawi dipunewahi badhe nuwuhaken makna ingkang beda kaliyan menapa ingkang dipunkajengaken, ateges menawi dipunewahi papanipun saha dipunwucal salah satunggaling *struktur*ipun, ing samangke makna ingkang kaandhut wonten ing salebetipun ukara boten saged dipuntampi dening pamirengipun.

### DUDUTAN SAHA PAMRAYOGI

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembaran *struktur gramatikal* saha makna *gramatikal* ingkang kaandhut wonten ing salebetipun gatra cakepan sindhenan pagelaran ringgit wacucal lampah pandhawa bangun Karangkadhempel, sasampunipun panaliti nglampahi sedaya menika salajengipun saged dipunpundhut dudutanipun. Dudutanipun saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

- a. Wonten ing salebetipun gatra cakepan sindhenan menika sinaosa wujudipun sanes ukara jangkep ananging ugi gadhah *struktur gramatikal* wonten ing salebetipun. Saking panaliten menika saged dipunpanggihaken wonten cacah 35 *struktur gramatikal* ingkang kaandhut wonten ing cacah 33 gatra wangsalan abon – abon saha 2 gatra parikan, menika ingkang wonten ing satunggaling pagelaran ringgit wacucal sedalu natas ingkang dipungelar dening Ki Seno Nugroho Dhusun Mulo, Kecamatan Wonosari, Kabupaten Gunungkidul, Yogyakarta.
- b. Makna *gramatikal* ingkang dipunpanggihaken wonten ing salebetipun gatra cakepan sindhenan menika adhedhasar *struktur gramatikal*ipun sasampunipun dipunuji

ginakaken *teknik lesap* menika saged dipunpundhut dudutan bilih sedaya *struktur gramatikal* ingkang kaandhut wonten ing salebetipun gatra cakepan sindhenan menika gadhah *funksinipun* piyambak – piyambak, pramila *struktur gramatikal* menika boten saged dipunewahi menapa dene dipunwucal awit menawi ewah *struktur gramatikal*ipun ing samangke badhe nuwuhaken makna enggal ingkang boten sami kaliyan makna sejatosipun kepara saged ngrisak wosipun saking gatra cakepan sindhenan menika.

### Pamrayogi

- a. Cakepan sindhenan menika minangka satunggaling *konstruksi* basa ingkang ngandhut kaendahan wonten ing salebetipun, wonten ing salebetipun cakepan sindhenan menika ugi ngandhut perangan – perangan ngelmu basa ingkang saged dipunpanggihaken antawis makna, tata basanipun, saha sastranipun, pramila saking menika bab sindhenan menika saged ngambali kawruh bab basa wonten ing salebetipun karya sastra.
- b. Cakepan sindhenan menika ugi saged dipunwucalaken dhateng lare sekolah supados saged nuwuhaken raos tresna dhateng karya sastranipun tiyang jawi, ingkang kathah piwulang saha pitutur ingkang kaandhut wonten ing salebetipun cakepan awujud tetembangan utawi sindhenan.
- c. Cakepan sindhenan menika kedah dipunlestantunaken supados sami emut bilih tiyang jawi menika gadhah cara kados pundi anggenipun paring piwulang saha pitutur mawi cara *kesenian* ingkang sekeca dipunmirengaken ananging kathah ngelmu



ingkang kaandhut wonten ing salebetipun. Sasampunipun ningali prekawis kados mekaten panaliten kangge dhudhah wosipun cakepan sindhenan menika perlu katindakaken.

### 1. Implikasi

Panaliten menika ngrembag bab *struktur gramatikal* saha makna ingkng tuwuh saking *proses gramatikal*. ingkang wonten ing salebetipun gatra cakepan sindhenan pagelaran ringgit wacucal lampah Pandhawa bangun Karangadhepel ingkang dipungelar dening Ki Seno Nugroho. Salejengipun panaliten menika kaajab saged paring kawruh bab ngelmu basa mliginipun basa Jawi wonten ing salebetipun karya sastra saha seni swanten. Panaliten menika saged dados *referensi* kangge panaliten salajengipun ingkang ngengingi babagan *linguistic* utawi ngelmu basa.

### KAPUSTAKAN

Antunshono. 1953. *Reringkesaning Paramasastra Djawa*. Djokdja : Hien Hoo Sing

Budiarti, Muriah. 2013. *Konsep Kepesindhenan dan Elemen – elemen Dasarnya*. Jurusan Karawitan Institut Seni Indonesia Surakarta.

Chaer, Abdul. 2012. *Linguistik Umum*. Jakarta : Rineka Cipta.

Mulyana. 2011. *Morfologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta : Kanwa Publisher.

Muzayin, Aziz. 2013. *Charf Ma dalam Kitab Arbau Rosail (Garamatikal Semantik) Skripsi*. Universitas Negeri Semarang.

Padmosoekotjo, S. 1987. *Paramasasta Jawa*. Surabaya : P.T. Citra Jaya Murti.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia : J. B. Wolters.

Robins, R.H. 1992. *Linguistik Umum Sebuah Pengantar*. Yogyakarta : Kanisius.

Sardenianto. 2015  
<https://amungserat.wordpress.com/2015/08/31/wangsalan-contoh/>

Sasangka, Sri. 1989. *Paramasastra Jawi Gagrag Anyar*. Surabaya : PT Citra Jaya Murti.

Suandi, I Nengah. 2008. *Pengantar Metodologi Pendidikan Bahasa*. Bali: Universitas Pendidikan Ganesha.

Sudarsono, dkk. 1978. *Kamus Istilah Tari dan Karawitan Jawa*. Jakarta: Proyek Penelitian Bahasa dan Sastra Indonesia dan Daerah.

Supadmi. *Sindhenan Cengkok Srambahan lan Abon – abon*. Surakarta : Cendrawasih.

Supriyono, dkk. 2008. *Pedalangan Jilid 1*. Jakarta : Direktorat Pembinaan Sekolah Menengah Kejuruan.

Suwandi, Sarwiji. 2001. *Semantik Pengantar Kajian Makna*. Yogyakarta : Media Perkasa.

Ullman, Stephen. 2007. *Pengantar Semantik*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar.

Waridi. 2002. Jineman Uler Kambang: Tinjauan Dari Beberapa Segi. *Jurnal Pengkajian dan Penciptaan SVol*. 1 No.